

16

desanm

Moun ki kenbe pawòl li nan tout ti bagay, la kenbe l nan gwo bagay tou. Men, moun ki pa serye nan ti bagay, li p ap serye nan gwo bagay nonplis. Lik 16. 10

N ap sibi tèss

Vi kretyèn nan gen yon bann ti detay ladan, anpil fwa nou toujou fè fot nan yo. Nou aksepte kèk ti antòs nan verite a, nou pa veye sou tanperaman nou, nou pa wè anpil okazyon ki parèt devan nou pou n ta moutre lanmou nou pou pwochen nou, ak yon ti mo damitye, yon ti sèvis nou rann nan bon moman. Se konsa, nou prepare chemen an pou n fè fot ki pi grav.

Yon moun ki mande yon travay, ki kandida pou yon pòs ki genyen gwo responsablite pap etone ke yo pase li kèk tèss pou wè si li gen memwa, oubyen analize kalite desizyon l yo, imajinasyon li... kèk nan tèss sa yo ka sanble fasil anpil (tankou se jwèt pou timoun), men moun ki prepare yo a, konsidere tèss sa yo kòm revelatè karaktè ak konpòtman moun ki kandida pou pòs la. Se konsa Bondye ap pase nou tout anba eprèv nan ti detay yo. Ann pran kòm egzanp onètete. Yon ti fot konsènan pèman taks, sifi pou moutre ke si mwèn plase devan yon pi gwo tantasyon m ap tonbe.

Donk, pliske premye paran nou yo te manje yon fwi ke Bondye te defann yo manje (Jenèz 3. 6) pa parèt grav pou nou. Men, li te gen anpil siyifikasyon, li te revele yo pa t fè Bondye konfyans (mefyans yo vizavi Bondye), dezobeyisans, lògèy, konvwatiz... e pou Bondye prèl la te parèt klè e sifi pou li.

Konsa, yon kretyen k ap koute Bondye, dwe fidèl nan ti bagay k ap pase chak jou nan lavi li. Atravè ti detay sa yo, li aprann konnen ki *moun li ye* – pou li pa fè kè li konfyans – e konnen kilès *Bondye li a ye*.

16

décembre

Celui qui est fidèle dans ce qui est très petit est fidèle aussi dans ce qui est grand ; et celui qui est injuste dans ce qui est très petit est injuste aussi dans ce qui est grand. Luc 16. 10

Nous passons des tests

La vie chrétienne est faite de détails dans lesquels nous sommes souvent pris en défaut. On accepte les petites entorses à la vérité, on ne veille pas sur son humeur, on ne voit pas les mille occasions où l'on montrerait le véritable amour pour le prochain par un mot amical, un petit service rendu au bon moment. Et c'est ainsi que nous préparons la voie à des fautes plus graves.

Un demandeur d'emploi, candidat à un poste qui comporte des responsabilités, ne s'étonne pas d'avoir à passer des tests de mémoire, de décision, d'imagination... Certains de ces tests lui paraîtront peut-être enfantins, mais ceux qui les ont conçus les considèrent comme révélateurs du caractère et du comportement du candidat. C'est ainsi que Dieu met chacun de nous à l'épreuve dans les détails. Prenons l'exemple de l'honnêteté. Une petite fraude envers le fisc suffit à montrer que, placé devant une grande tentation, je serais tout aussi capable d'y succomber.

Le fait pour nos premiers parents de manger un fruit que Dieu leur avait défendu (Genèse 3. 6) ne nous paraît peut-être pas grave. En réalité il était significatif, révélant la méfiance vis-à-vis de Dieu, la désobéissance, l'orgueil, la convoitise... et pour Dieu la preuve était suffisante.

Ainsi le chrétien, à l'écoute de Dieu, est appelé à être fidèle dans les petits faits de sa vie quotidienne. A travers eux il apprend à la fois à se connaître *lui-même* – pour se méfier de son propre cœur – et à connaître *son Dieu*.